

**LAPRIYÈ POU BONDYE EDE LEGIZ LA
REKONÈT MÈ MARI LA**

Bondye, Pap nou,

Ou te bay Mè Marie Lanj yon konfyans san parèy nan Providans ou. Ou te bal yon kè ki tou piti devan-w, yon bèl kouraj, yon lavi ki sen epi yon angajman san parèy pou sèvi pòv ak malad. Ou te pèmèt li tabli Kongregasyon Sè Oblat Laprovidans yo pou travay espesyalman ak pitit Afrik yo an Amerik, nan bay edikasyon, nan montre moun viv ansanm nan sosyete a, nan ede yo viv dapre Levanjil la. Kalite renmen Mè Lanj te genyen pou tout moun te fèl wè Kris la nan chak moun. Anyen pat rive febli vizyon sa-a, ni soufrans akòz prejije koulè, ni la èn ant diferan ras yo.

Tanpri Bondye, Papa, ede Legliz ou an rekonèt li se yon modòl lafwa, espwa ak renmen, yon moun ki sen. Konsa, plis moun va rive konprann pi fon nan kè yo kijan ou merite yo remen w'san gade dèyè. Nan non Sèvant ou, Mè Mari Lanj, k'ap lapriyè pou nou, n'ap mande w' favè sa-a tou _____, pa pouvwa Jezi-Kri, Granmèt nou an. **Amèn**

Si nou ta jwenn yon gwo favè nan men Bondye nan
resite lapriyè sa-ekri:

*Lange Guild
Oblate Sisters of Providence
701 Gun Road
Baltimore, Maryland 21227-3929 USA*

Oubyen:

**Secretariat pour la cause des Saints d'Haiti
Archêveché de Port-au Prince/B. P. 537-Haiti W.I.**